Yàlla day fiir, way-gëm it day fiir, te fiiràngeg Yàlla mooy way-gëm ji def lu mu araamaal

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "Yàlla day fiir, way-gëm it day fiir, te fiiràngeg Yàlla mooy way-gëm ji def lu mu araamaal".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne Yàlla day fiir di bañ di sib, kem ni aji-gëm ji di fiire ak di bañe ak di sibe, te sababus fiiràngem Yàlla mooy way-gëm ji def lu Yàlla araamal ci moom ci ay ñaawteef niki njaalo ak ngóor-jigéen, ak sàcc ak naan sàngara ak yeneen ñaawteef.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3354